



Pou Piblikasyon Imedya: 09/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE FINISMAN NOUVO ENSTALASYON
FABRIKASYON AMERIKEN MICRO BIRD LA KI KOUTE 38 MILYON DOLA NAN
PLATTSBURGH**

***Micro Bird ofisyèlman ouvri pòt li nan ansyen sit Nova Bus la, sa ki pote omwen
350 djòb nan Konte Clinton***

Gouvènè Kathy Hochul te rejwenn jodi a ak lidè lokal yo ak direktè konpayi an pou inogire nouvo etablisman fabrikasyon Micro Bird la nan Plattsburgh, nan Konte Clinton. Micro Bird — yon antrepriz konjwen ant Blue Bird Corporation ak Girardin, pi gwo fabrokani ti otobis lekòl nan Amerik Dinò — te ofisyèlman lanse operasyon yo nan ansyen etablisman Nova Bus la nan Banker Road, ke konpayi an te reamenaje apre Nova Bus te prevwa kite Plattsburgh.

"Gran selebrasyon ouvèti jodi a make yon nouvo chapit pou Plattsburgh", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou fyè pou nou akeyi Micro Bird nan North Country a, kote konpayi an ap pwofite mendèv kalifye nou an, gwoup transpò k ap pwospere nou an, ak gwo investisman rejyonal nou yo. Nouvo etablisman sa a ranfòse ekonomi lokal la, kreye bon djòb, epi konstwi yon avni ki pi briyan pou rejyon an ak tout Nouyòk."

Nouvo etablisman an, ki pral konstwi otobis lekòl ak komèsyal elektrik ak non-elektrik, nan tay piti ak mwayen, reprezante yon investisman 38 milyon dola nan depans kapital ak fòmasyon epi li pral kreye 350 djòb apentan sou senk ane. Empire State Development (ESD) ap soutni pwojè a avèk jiska 9.825 milyon dola nan kredi enpo Pwogram Travay Excelsior (Excelsior Jobs Program) la ki baze sou pèfòmans ak yon sibvansyon kapital 2.5 milyon dola, ke Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country a rekòmande. Anplis de sa, Otorite Enèji Nouyòk (New York Power Authority, NYPA) te akòde Micro Bird yon alokasyon 640 kilowat enèji a pri ki ba nan kad pwogram ReCharge NY la pou sipòte pwojè a nan mwa [mas](#). ReCharge NY ap ranfòse ekonomi Eta Nouyòk la lè li ankouraje konpayi yo konsève epi kreye djòb, pandan l ap distribye investisman kapital nan tout eta a.

Gouvènè Hochul te pèsoneleman asire yon avni solid pou sit Banker Road la, li te kolabore dirèkteman ak Volvo Group — konpayi prensipal Nova Bus la — epi li te mande Empire State Development pou dirije efò yo pou jwenn yon nouvo lokatè. Efò sa

a te fini jodi a avèk seremoni inogirasyon an ki make yon nouvo chapit pou etablisman an ak kominote a.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Micro Bird la, Eric Boulé, te deklare, "Gran ouvèti sa a se yon moman fyète pou tout ekip nou an. Avèk nouvo etablisman nou an, n ap double kapasite pwodiksyon nou epi n ap pote otobis kalite siperyè ak dirab pi pre kliyan ameriken nou yo. Plattsburgh te chwa pafè a — li te ofri yon mendèv kalifye, pwoksimite ak gwo mache yo, ak yon ekosistèm fabrikasyon solid. Nou pwofondman rekonesan anvè anplwaye nou yo ak sipò san fayit Eta Nouyòk la ak patnè lokal yo. Nou anvi kontribye nan kwasans ak siksè rejyon an pou plizyè ane k ap vini yo."

Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Inogirasyon jodi a pou nouvo etablisman Micro Bird nan Konte Clinton make yon etap enpòtan ki pral ranfòse sektè fabrikasyon transpò Nouyòk la epi bay bon travay pou mendèv kalifye nan rejyon an. Pwojè sa a pa t ap posib san patisipasyon dirèk Gouvènè Hochul la, epi siksè li se yon viktwa pou North Country a ak tout Eta Nouyòk."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Desizyon Micro Bird pou etabli nouvo etablisman fabrikasyon yo nan Plattsburgh souliye enpòtans enèji fyab ak abòdab nan kwasans ekonomik. Lè NYPA ap itilize enèji ki pa koute chè atravè pwogram ReCharge NY la, li ap fè gwo investisman epi sipòte travay nan kominote toupatou nan Nouyòk. Nouvo etablisman Micro Bird la reprezante yon gwo pa annavan pou fabrikasyon North Country a, epi mwen anvi wè enpak pozitif li sou rejyon an ak sektè transpò pwòp eta a."

Senatè Charles Schumer te deklare, "Micro Bird ofisyèlman ouvri pou biznis nan Plattsburgh! Bis atravè Etazini yo pral byento dewoule ankò ak mak 'Made in the North Country' (Fabrike nan North Country) pa gwo mendèv Plattsburgh yo. Lè m te tandè pale de fèmte ansyen faktori Nova Bus la, ki te kè kominote sa a, mwen te rele gwo chèf Volvo yo touswit pou m ankouraje yo pou yo fè sa ki dwat epi jwenn yon nouvo fabrikan pou reprann faktori sa a. Lidè Micro Bird yo montre yo gen sousi pou kominote sa a epi yo kontinye eritaj fabrikasyon li a lè yo prezève plizyè santèn djòb ki byen peye isit la nan Konte Clinton. Mwen rekonesan anvè Chanm Komès North Country a ak Gouvènè Hochul ki te fòme yon kokenn chenn ekip pou ede jwenn investisman sa a pou Plattsburgh ka kontinye dirije nasyon an nan fabrikasyon transpò."

Prezidan Lejislati Konte Clinton lan, Mark Henry, te deklare, "Gran ouvèti Micro Bird la se yon gwo evènman enteresan pou Konte Clinton. Desizyon yo pou investi isit la souliye fòs mendèv nou an, valè kote nou ye a, ak klima biznis favorab nou te bati a. Nou fyè pou nou akeyi Micro Bird epi nou anvi wè bon travay, kwasans ekonomik, ak patenarya solid prezans yo pral pote nan kominote nou an."

Sipèvizè Vil Plattsburgh, Michael S. Cashman, te deklare, "Moman tankou jodi a pa rive pa aksidan, yo rive paske moun reyini avèk yon angajman pataje pou konstwi opòtinite. Mwen fyè dèske mwen te jwe yon wòl bò kote anpil lidè devwe nan ede Micro

Bird jwenn yon kay isit la nan Plattsburgh. Ekspansyon sa a onore fòs mendèv nou an, sipòte fanmi k ap travay yo, epi ranfòse repitasyon North Country kòm yon lye inovasyon ak kominote a pwospere kòt a kòt. Nan non kominote nou an, nou akeyi Micro Bird ak tout kè nou nan Vil Plattsburgh."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral TDC a, Danielle King, te deklare, "TDC kontan anpil pou selebre gran ouvèti ofisyèl Micro Bird la nan Plattsburgh. Kote yo ye nan pak Endistriyèl Banker Road ak Air yo ap kreye opòtinite epi ajoute eksitasyon ak enèji nan kominote fabrikasyon nou an. TDC fyè dèske li fè pati ekip k ap akeyi yo a, epi n ap tann ak enpasyans pou n travay ansanm epi wè yo grandi nan rejyon an."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès North Country a, Garry Douglas, te deklare, "Ranplase yon konpayi ki deja egziste ak yon fabrikan menm jan an se pa bagay ki janm fasil. Se sa ki fè siksè sa a tèlman satisfèzan, sa ki garanti ke otobis ki fabrike pa yon mendèv kalifye nan Plattsburgh yo ap kontinye woule atravè peyi a. Mwen pa ka remèsye ase ekip lokal Chanm lan te reyini an pou kolaborasyon ak angajman yo, ki gen ladan IDA Konte Clinton, TDC ak Vil Plattsburgh, ansanm ak Senatè Ameriken Charles Schumer ki te reponn avèk fòs lè yo te mande l sa. Men sitou, Gouvènè Kathy Hochul ki te yon gwo atizan nan devlopman ekonomik nou an nan chak etap! Se pa sèlman ekip li a ki te travay avèk nou. Li te angaje l trè pèsònèlman nan aktivite sansibilizasyon, defans dwa moun, epi li te bay sipò eta te bezwen an. Li te konprann jan sa te enpòtan. Annavan pou pi devan nan bis la!"

Direktè Egzekitif Ajans pou Devlopman Endistriyèl Konte Clinton lanm Molly Ryan, te deklare, "Gran ouvèti Micro Bird la se yon egzanp pwisan sou enpak investisman estratejik ak patenarya solid ka genyen nan Konte Clinton. Nan IDA, misyon nou se kreye kondisyon kote biznis tankou Micro Bird ka reyisi, bay establiite pou mendèv nou an epi asire ke bon travay rete isit la nan kominote nou an. Nou fyè dèske nou te sipòte pwojè sa a epi nou pa ka tann pou nou wè konpayi an pwospere isit la pou plizyè ane k ap vini yo."

Inogirasyon jodi a selebre tranzisyon san pwoblèm soti nan Nova Bus pou rive nan Micro Bird, sa ki asire ke plizyè santèn anplwaye ka kontinye bati karyè nan fabrikasyon transpò avanse pandan y ap ranfòse wòl rejyon an nan ekonomi enèji pwòp la.

An 2024, *Business Facilities Magazine*, pi gwo piblikasyon komès nan peyi a ki espesyalize nan devlopman ekonomik ak seleksyon sit, [te akòde](#) ESD Prim Enpak "Kontra Ane a" pou pwojè Micro Bird la, pou rekonèt enpak ekonomik pozitif siyifikatif li pral genyen sou kominote Plattsburgh la. ESD te pataje prim prestijye a ak patnè lokal enpòtan li yo: Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Clinton, Chanm Komès North Country, REDC North Country ak Vil Plattsburgh.

North Country abrite yon gwoup enpòtan ki gen konpayi ekipman transpò ak konpayi ayewospasyal atravè rejyon ki gen nan sèt konte ki pwodui transpò pwochen jenerasyon ak konpozan ayewospasyal ki bati ozalantou transpò nan wout, tren, espas, ak maritim. Micro Bird rejwenn nan yon sektè fabrikasyon transpò pwòp ki solid ki gen

ladan Beta, Alstom ak Norsk Titanium — tout fè pati lidèchip Nouyòk nan rediksyon emisyon kabòn, amelyorasyon sante piblik ak konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)